

Konsènan Pwogram Tranzisyon an

Elèv yo kapab antre nan Pwogram Tranzisyon avèk kèk teknik travay. Pwogram nan ede devlope teknik sa yo. Yo reyalize sa gras ak fòmasyon apwofondi nan anviwònman mond reyèl la ak prezantasyon nan klas ki fèt tankou seminè, ansanm avèk fòmasyon sou plas.

Kritè Pwogram nan


Pou yo aksepte w ou dwe:

- gen 18-21 an
- Yon elèv ESE (gen yon IEP)
- te ranwaye diplòm lekòl segondè
- kapab fonksyone pou kont li san sipèvizyon yon moun
- enterese nan jwenn travay
- pare pou itilize transpò piblik pou kont li
- Genyen yon volonte pou aprann ak reyisi

**Delè Enskripsyon pou pwochen
ane lekòl la se
31 janvyè**

Mission Statement

Pwogram Tranzisyon an angaje l pou ofri bon jan devlopman karyè pou elèv ki diplome nan lekòl segondè k ap chèche fè tranzisyon nan mond pwofesyonèl la.
Objektif final nou se mete w nan travay k ap peye!!



**Pwogram Tranzisyon
pou jèn 18-22 An
nan Distri Lekòl
Rejyon Palm Beach**

3300 Forest Hill Blvd.
West Palm Beach, FL 33406

Pou plis enfòmasyon kontakte:

561-434-8367

**Pwogram Tranzisyon
pou
18-22 An**

**Distri Lekòl Rejyon
Palm Beach**

Lokal

Boynton Beach
Delray Beach
Lake Worth
Palm Beach Gardens
Royal Palm Beach
West Palm Beach



Sa Nou Fè

Nou travay sou yon kantite teknik fondamantal ki enkli:

- Kijan pou kondui bis
- Fikse objektif
- Ranfòse konfyans
- Konvèsasyon ak aptitud sosyal
- Kreye yon rezime
- Ranpli Aplikasyon Travay
- Teknik pou entèvyou
- Sipò nan travay
- Vètman Travay ki apwopriye
- Trening sou kijan pou jere tan
- Konpòtman nan travay
- Kijan pou jere lajan
- Aplike pou pwomosyon nan travay
- Pèmi pou kondui/ konplete tès alkòl ak dwòg
- Ranpli Aplikasyon pou Kolèj
- Kenbe travay
- Kowòdone avèk ajans adilt yo ansanm ak pwogram PSAV

Istwa Sikse: Denny

- Li te lekòl nan *Lake Worth High School*
- Kalifye pou kondui transpò piblik pou kont li
- Objektif pèsònèl pou vin yon kwafè
- Eksperyans travay nan *Hall of Fame Salon* kwafi
- Pwogram Tranzisyon an te ede l jwenn lajan pou ekipman ak liv pou klas kwafè a epi te ede l etidye pou tès final la
- Te jwenn sipò pou tès dwòg ak alkòl avèk dènye egzamen chofè.



Denny ap travay kounye a kòm yon kwafè aprentan epi li achte yon machin.

Istwa Sikse: Erna

- Li te lekòl nan *Santaluces High School*
- Kalifye pou kondui transpò piblik pou kont li
- Te jwenn sipò nan eksperyans travay nan *Family Christian Book Store and Old Navy*
- Te jwenn sipò pou ekri rezime, prepare aplikasyon ak teknik entèvyou
- Te jwenn sipò pou ouvri yon kont labank epi aprann sou finans



Pwogram Tranzisyon an te ede Erna transfere nan yon travay ki ofri salè konpetitif nan *Home Depot*.